

# Patient Education

---

## COVID-19 apre ou fin vaksinen

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

### Apwopo sijè sa a

Maladi kowonaviris 2019 la oswa COVID-19 se yon viris ki gaye rapid lè moun yo transmèt li bay youn lòt. An 2020, yo te devlope kèk kalite vaksen pou evite COVID-19 la. Apre dènye dòz ou, vaksen an pran 2 semèn pou l ba w pwoteksyon maksimòm nan. Pandan peryòd sa a, li enpòtan pou w kontinye pran tout mezi sekirite ou te konn pran yo.

Ou vaksinen nèt lè plis pase 2 semèn gentan pase depi ou te resevwa dezyèm dòz yon vaksen ki gen 2 dòz oswa lè plis pase 2 semèn gentan pase depi ou te resevwa yon vaksen ki gen yon sèl dòz. Lè sa a, kèk nan enstriksyon ou gen pou suiv yo chanje. An piblik, li enpòtan pou w toujou pran mezi sekirite. Mete yon kach-nen. Evite kote ki chaje ak moun epi lave men w souvan.

Kounye a, lè ou vaksinen nèt, doktè yo panse ou ka fè bagay sa yo an sekirite:

- Rasanble anndan ak lòt moun ki vaksinen nèt san nou pa mete kach-nen.
- Rasanble anndan ak lòt moun ki pa vaksinen men ki fè pati 1 sèl fwaye. Si gen youn nan moun sa yo ki gen plis chans pou l malad grav akòz COVID-19 la, nou tout ta dwe mete kach-nen.
- Rasanble deyò ak lòt moun san w pa mete kach-nen. Sepandan, ou ka gen pou mete yon kach-nen si w nan mitan yon foul moun oswa si yo mande moun mete kach-nen kote ou ye a.
- Vwayaje san w pa bezwen teste anvan vwayaj la. Ou ka gen pou fè yon tès apre yon vwayaj entènasyonal. Epi tou, ou pa bezwen rete an karantèn apre yon vwayaj. Otorite yo gendwa mande moun teste kote ou prale a. Ou ka gen pou mete yon kach-nen nan yon avyon, yon bis, yon tren oswa nan lòt transpò.

Si w te bò kote yon moun ki gen COVID-19, ou pa bezwen teste ankò ni ou pa bezwen evite lòt moun, sof si w gen sentòm.

### Jeneral

Anpil moun ta renmen retounen viv jan yo te konn abitye viv apre yo pran vaksen kont COVID-19 la. Malerezman, sa pa posib.

**Poukisa mwen dwe toujou fè atansyon si mwen gentan resevwa tout dòz vaksen an?**

Kò w bezwen tan pou l ranfòse iminite l kont viris la. Sa vle di ou pap jwenn pwoteksyon maksimòm nan tousuit apre premye oswa dezyèm piki a. Leplisouvan, kò w bezwen 1 oswa 2 semèn apre dezyèm dòz la pou l jwenn pwoteksyon sa a.

Y ap dekouvri nouvo souch viris la toutan. Vaksen ou te resevwa a ka pa efikas kont nouvo souch la. Epitou, doktè yo pa konnen pou konbyen tan vaksen kont COVID-19 la ap pwoteje moun yo. Kèk moun ka toujou transmèt maladi a bay lòt moun, menm si yo pa malad e si yo te vaksinen.

Vaksen yo pi efikas lè pifò moun nan yon peyi te resevwa yo. Lè sa a, risk pou moun yo pran maladi a nan peyi a diminye. Tout moun gen plis sekirite lè ou pran vaksen an, ou mete yon kach-nen, ou evite kote ki chaje ak moun epi ou kenbe yon distans 6 pye ak lòt moun.

### **Èske mwen ka pase tan ak fanmi mwen ak zanmi m yo?**

Sa depann. Doktè yo panse gen plis sekirite lè moun rasanble deyò. Sepandan, ou ka rasanble anndan ak lòt moun ki vaksinen nèt san nou pa mete kach-nen. Epitou, ou ka rasanble ak moun ki pa vaksinen si yo fè pati 1 sèl fwaye.

Risk ki egziste a lè ou rasanble ak lòt moun depann de bagay sa yo:

- Si nou rankontre anndan oswa deyò.
- Si lòt moun yo vaksinen oswa si yo pa vaksinen.
- Depi ki lè lòt moun yo vaksinen.
- Si lòt moun yo pa vaksinen, men yo te rete an karantèn anvan ou rankontre.
- Si nou mete kach-nen, si nou respekte distans sosyal la, elatriye.

Menm si w te resevwa vaksen kont COVID-19 la, li toujou enpòtan pou w pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun lè ou soti nan yon zòn piblik. Lè ou anndan, mete yon kach-nen ki kouvri bouch ou ak nen w, epi eseye kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun.

### **Èske mwen oblije ale nan karantèn si mwen te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19?**

Ou pa oblije ale nan karantèn si:

- Ou vaksinen nèt **epi**
- Ou pa t sibi okenn sentòm COVID-19 depi lè ou te ekspoze a.

Si w poko resevwa tout piki ki mache ak vaksen an, ou ta dwe rete an karantèn lakay ou pou 14 jou. Rete an karantèn lakay ou tou si w gen sentòm COVID-19.

Si w te ekspoze ak COVID-19 la, siveye tèt ou pou verifye ou pa gen sentòm pou 14 jou, menm si w vaksinen nèt. Si w gen sentòm, rele doktè w. Li gendwa mande w fè yon tès.

### **Èske mwen ka al nan yon restoran, nan yon konsè oswa nan yon match?**

Gen plis sekirite lè ou ransable oswa lè ou manje deyò. Restoran ki anndan yo ak lòt kote se zòn kote moun yo ka gaye COVID-19 la fasil. Gen kèk tant yo mete pou moun manje deyò kote lè a pa sikile byen e ki ka gen menm risk ak restoran kote moun manje anndan yo. Ou pa ka gen yon kach-nen pandan w ap

manje oswa pandan w ap bwè. Gen anpil kote ki pa gen bonjan sistèm pou filtre lè a. Zòn sa yo konn gen gwo foul moun k ap pale fò tou. Chak nan bagay sa yo ka fè gen plis chans pou maladi sa a gaye. Evènman ki fèt deyò yo, kote lè a byen sikile e kote moun yo respekte distansyasyon sosyal la ba w plis chans pou rete an sekirite. Nan evènman ki chaje ak moun, menm si se deyò yo fèt, li toujou enpòtan pou mete yon kach-nen.

### **Èske mwen ka vwayaje?**

Doktè yo panse ou ka vwayaje an sekirite lè ou vaksinen nèt. Nan pifò ka, ou pa bezwen rete an karantèn ni ou pa bezwen fè yon tès COVID-19 ni anvan ni apre vwayaj la. Sepandan, gen kèk kote otorite yo ka mande w fè yon tès anvan ou deplase. Li enpòtan pou sonje gen nouvo souch COVID-19 ki parèt toupatou nan monn nan. Sa vle di gen kèk kote ki gen plis limit pou vwayaj ak tès yo. Si w oblije vwayaje, fè tout sa ou kapab pou evite foul moun yo, toujou mete yon kach-nen epi lave men w souvan.

### **Ki sa mwen ta dwe fè kounye a?**

Kontinye pwoteje tèt ou epi kontinye pwoteje lòt moun.

- Mete yon kach-nen ki kouvri bouch ou ak nen w si w anndan e si gen lòt moun bò kote w.
- Respekte distansyasyon sosyal la epi kenbe yon distans 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun nan zòn piblik yo. Mete yon kach-nen lè ou nan mitan yon pakèt moun.
- Evite reyini ak moun ki pa vaksinen ki pa fè pati fwaye w.
- Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre w touse oswa estènye. Itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl si pa gen dlo ak savon kote w ye a. Fwote men w avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Evite manyen figi w, sitou bouch ou, nen w ak je w.
- Siye tout objè ak sifas ou manyen souvan yo avèk yon dezenfektan.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tès, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devi ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou.

Last Updated 7/14/21



© 2021 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.